Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA MAMDANI DEVWALE PLAN ISTORIK POU KONSTRUI SISTÈM BIS KI PI RAPID AK PI BON NAN ISTWA VIL NOUYÒK LA

"Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis" idantifye 50 koridò priyoritè pou amelyorasyon vitès, ki gen ladan senk wout otobis transpò rapid pwochen jenerasyon

Plan an pral enstale abri ak plas pou chita nan plizyè santèn arè bis, deplwaye plizyè milye nouvo bis, entegrasyon gradyèl sistèm anbakman nan tout pòt yo apati 2027, ak kreyasyon yon nouvo liy transpò rapid pa otobis klas mondyal sou Flatbush Avenue an 2030

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Zohran Kwame Mamdani prezante jodi a Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis (Next Stop: Fast Buses, Better Service), yon gwo plan aksyon toupatou pou otobis, k ap pèmèt yo bati pwochen jenerasyon sèvis transpò bis nan Vil Nouyòk.

Plan an make yon patenarya istorik ant Depatman Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation, NYC DOT) ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pou transfòme fason Nouyòkè yo fè eksperyans otobis vil la — avèk envestisman ki pral fè sèvis la pi rapid, pi aksesib e pi konfòtab depi twotwa a rive nan destinasyon an.

Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis idantifye 50 koridò bis priyoritè pou amelyorasyon nan senk minisipalite yo epi lanse pwochen jenerasyon sèvis bis rapid Vil la sou senk wout kle. Ansanm, envestisman sa yo pral diminye distans travay yo, amelyore fyabilite, elaji aksè epi kreye yon sistèm otobis ki diy pou vil la ki depann de li.

"Chak jou, gen plizyè milyon Nouyòkè ki konte sou otobis pou yo deplase nan vil sa a, men pandan twò lontan, fè vwayaj yo mache pi vit epi rann lavi yo pi fasil te toujou parèt tankou yon bagay ki enposib. Tout bagay sa yo chanje jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouyòk ap viv yon renesans transpò piblik, avèk envestisman istorik k ap fèt pou amelyore lavi vil nou an. Kounye a, an kolaborasyon avèk Majistra Mamdani, n ap avanse yon plan solid ak anbisye pou fè bis yo deplase pi vit, ogmante priyorite bis yo yon fason konsiderab, diminye reta yo epi fè rezo transpò otobis nou an tounen yon referans nan mond lan."

Majistra Vil Nouyòk, Zohran Mamdani, te deklare, "Pou Nouyòkè k ap travay yo, chak minit konte. Men, pandan twò lontan, bis nou yo te bloke nan trafik olye yo te kenbe rit ak vil ki pa janm dòmi an. Lè yon trajè dire pi lontan pase sa l te sipoze, sa reprezante mwens tan ak timoun yo, mwens tan ak moun ki chè pou ou yo, epi mwens tan pou jwi pi bèl vil sou latè a. Ansanm ak Gouvènè Hochul, n ap envesti nan bis ki pi rapid e ki pi fyab paske Nouyòkè yo merite yon sistèm transpò ki respekte tan yo. Plan sa a pral fè li pi fasil pou moun ale travay, lekòl ak lakay yo — epi bati yon vil ki fonksyone pi byen pou moun k ap fè l fonksyone."

Komisè DOT Vil Nouyòk la, Mike Flynn, te deklare, "Twò souvan, pasaje otobis nan Vil Nouyòk yo te santi yo se dènye moun yo pran an konsiderasyon. Administrasyon Mamdani an ap mete yon milyon pasaje otobis chak jou nan vil la an premye plan atravè patenarya ak envestisman istorik sa a. Sèvis otobis la pa dwe trete tankou yon altènatif segondè ki depann totalman de konjesyon sikilasyon an. Li ta dwe yon sistèm klas mondyal pou yon vil klas mondyal: rapid, konfòtab, fyab ak ase pratik pou chak Nouyòkè wè otobis la kòm yon bon mwayen pou deplase. *Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis* bay plan pou transfòme sistèm bis nou an, epi nou vrèman apresye Gouvènè Hochul ak MTA pou patenarya solid yo a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Pandan plizyè ane, nou menm nan MTA te vle plis liy bis, plis kontwòl sou machin ak kamyon ki bloke liy bis yo. Otobis ki pi rapid. Tarif pou konjesyon: Men, se pa yon sekrè nou pa t gen sipò nan nivo lokal la. Se pa konsa sa ye ankò. Patnè nou yo jodi a — Gouvènè sa a, Majistra sa a ak NYC DOT sa a — tout vle asire ke monte bis toujou pi rapid pase mache apye. Yo vle respekte angajman yo te pran depi lontan pou konstwi liy bis ak wout bis yo. Yo pral ranfòse aplikasyon lwa sou sikilasyon yo pou garanti lari yo rete san obstak. Bis yo ka sèlman deplase osi vit jan trafik la pèmèt, kidonk si ou se yon bis oswa yon pasaje bis, sa a se yon bon nouvèl."

Nouyòkè yo fè 2.75 milyon vwayaj nan otobis nan Vil Nouyòk chak jou, sa ki fè sistèm nan pi okipe nan peyi a — li pote plis pasaje pase sistèm otobis Los Angeles, Chicago, San Francisco ak Philadelphia lè ou mete yo ansanm. Men, bis Nouyòk yo rete pi dousman nan tout gwo vil Etazini yo, an mwayèn sèlman 13 km (8 mil) pa èdtan.

Amelyorasyon sèvis otobis la esansyèl nan pwomès Gouvènè Hochul ak Majistra Mamdani pou fè Vil Nouyòk pi agreyab pou moun k ap travay yo viv ladan l. Pifò nan moun ki moute otobis yo se moun nan klas ouvriyè, fanm ak moun koulè, epi yo gen plis chans pou yo viv nan kay kote revni anyèl la pi ba pase 100,000 dola, si n konpare yo ak moun ki pran metwo oswa moun ki gen pwòp machin pa yo.

Otobis rapid ak pwochen jenerasyon transpò rapid la

Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis idantifye 50 koridò priyoritè kote NYC DOT ak MTA pral vize envestisman pou adrese wout bis ki pi dousman e ki gen plis reta nan vil la. Amelyorasyon sou wout yo ap kòmanse ane sa a.

Yo chwazi senk koridò nan Brooklyn, Queens ak Bronx kòm premye faz pwochen jenerasyon wout otobis rapid Vil Nouyòk la:

- Tremont/Cross Bronx, Bronx
- Northern Boulevard, Queens
- Flatbush Avenue, Brooklyn
- Utica Avenue, Brooklyn
- Kensington-JFK, Brooklyn ak Queens

Yo te chwazi koridò sa yo paske yo konekte Nouyòkè yo ak travay, lekòl, sèvis metwo ak gwo destinasyon tout pandan y ap sipòte kwasans lojman ak ekonomik aktyèl ak alavni yo.

Apati 2026, NYC DOT ak MTA a pral fè pwojè sa yo avanse ak liy otobis pwoteje ak dedye, sèvis souvan pandan tout jounen an, estasyon modènize ak zòn datant pwoteje ak amelyorasyon espas piblik ki baze sou pi bon sistèm otobis rapid atravè mond lan.

Otobis ki fyab
MTA a pral travay ansanm pou amelyore fyabilite sèvis la lè yo asire ke vwayaj ki pwograme yo fini, modènize operasyon depo a epi ranfòse antretyen otobis yo.

Atravè Pwogram Kapital istorik MTA a ki vo 68 milya dola pou 2025-2029 la, ki finanse nèt pa Gouvènè Hochul ak lejislati eta a nan Bidjè ki te Adopte pou Ane Fiskal 2026 la, otorite a pral achte apeprè 2,500 nouvo bis, pou ranplase 40% nan flòt li k ap vyeyi a.

MTA pral aplike tou sistèm anbakman nan tout pòt yo an 2027, gras ak tranzisyon total k ap fèt pou moun jis itilize kat yo

Amelyore eksperyans pasaje yo
Plan an rekonèt ke pasaje yo merite plis pase yon vwayaj ki pi rapid — yo merite youn ki pi bon.

Pou fè arè bis yo pi an sekirite, pi konfòtab e pi aksesib, NYC DOT ak MTA a pral:

- Elaji pwogram aksesibilite arè bis yo pou rive nan 65 arè pa ane nan ane 2030.
- Enstale 300 nouvo abri bis anvan 2028.
- Ajoute plas nan 875 arè bis chak ane, pou asire ke chak arè posib gen plas pou chita anvan 2035.
- Plante 30 pyebwa nan arè bis yo an 2026 epi fè pwojè eksplorasyon pou amelyorasyon konsepsyon abri pou diminye chalè ekstrèm nan arè bis yo.
- Enstale 90 nouvo ekran Enfòmasyon Pasaje an Tan Reyèl an 2026 epi elaji jiska 2,900 ekran nan tout vil la an 2030.

Kenbe liy bis yo pwòp

Pou kenbe bis yo an mouvman, sa mande pou kenbe liy bis yo pwòp san trafik ilegal.

Sistèm Aplikasyon Kamera Otomatik (Automated Camera Enforcement, ACE) la ogmante vitès otobis yo jiska 30% pandan l ap diminye kolizyon yo a 20%.

Pou bati sou pwogrè sa yo:

- NYC DOT ak MTA a pral elaji ACE ki monte nan otobis la pou rive nan 25 wout anplis chak ane an 2026 ak 2027.
- Depatman Transpò Vil Nouyòk (NYC DOT) pral enstale 200 kamera fiks anplis sou liy bis anvan 2027, yon pwogram efikas pou kaptire machin k ap kondui ilegalman nan liy bis yo.
- Depatman Lapolis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD) pral elaji kontwòl liy bis sible yo soti nan 14 pou rive nan 20 koridò apati 2026.

Mete pasaje yo an premye plan
Pwochen Arè: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis etabli tou yon apwòch angajman kominotè ki pi solid, ki santre sou pasaje yo.

An kolaborasyon avèk Biwo Angajman an Mas (Office of Mass Engagement, OME) Majistra a ak lòt ajans Vil la, NYC DOT ak MTA pral òganize evènman kominotè, fè sondaj epi asosye avèk òganizasyon defans dwa moun ak gwoup kominotè anvan pwojè yo kòmanse. Kanpay edikasyon piblik yo pral ede pasaje yo konprann amelyorasyon ak mizajou sèvis k ap vini yo.

Pou asire responsablite, NYC DOT ak MTA pral pibliye done pèfòmans yo nan sis a douz mwa apre pwojè yo fini, pou mezire enpak yo sou tan vwayaj, fyabilite ak eksperyans pasaje yo pandan y ap idantifye opòtinite pou plis amelyorasyon.

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Plis pase 800,000 rezidan Queens monte yon bis MTA chak jou – sa rivalize itilizasyon mwayèn chak jou tout sistèm transpò piblik Chicago a. Sepandan, pandan twò lontan, fanmi travayè nan minisipalite nou an raman resevwa sèvis rapid, fyab ak efikas yo te toujou merite a. Antouka, se konsa sa te ye jiskaprezan. Soti nan Refòm Rezo Otobis Queens lan rive nan plan aksyon n ap anonse jodi a, nou kontinye fè envestisman istorik nan vitès ak fyabilite otobis nou yo. Mèsi Gouvènè Hochul, Majistra Mamdani ak tout ajans nou yo ki enplike pou patenarya nou nan bay priyorite a 14 koridò vital sa yo nan Queens. Mwen pa ka tann travay ki rete pou m fè pou finalman bay rezidan Queens yo sèvis otobis rapid ak efikas yo te toujou merite a."

Manm Konsil Vil Nouyòk, Tiffany Caban, te deklare, "Envestisman sa a nan otobis ki pi rapid ak pi bon sèvis nan senk minisipalite yo vrèman nesesè. Nouyòkè ki nan klas ouvriyè a konte sou otobis nou yo pou y al travay, pou wè moun yo renmen epi pou jwenn aksè ak sèvis yo. Men, lè y ap tann nan arè bis, yo souvan rankontre bis ki an

reta, ki ralanti oswa ki pa rive ditou. Mwen kontan wè n ap delivre sèvis ak pi bon otobis rapid pou sèvi Nouyòkè yo."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Lynn Schulman te deklare, "Pou plizyè santèn milye moun Nouyòk tankou mwen menm, sèvis otobis la se prensipal mwayen nou itilize pou ale travay, lekòl, nan randevou medikal ak lòt kote nan vil la. Envesti nan yon sèvis otobis ki pi rapid, ki pi fyab e ki pi aksesib se yon angajman anvè ekite, kalite lavi ak vitalite ekonomik katye nou yo. Mwen felisite Majistra Mamdani, Gouvènè Hochul, MTA a ak Depatman Transpò a paske yo te mete tèt ansanm pou fè avanse vizyon anbisye sa a pou lavni sistèm otobis nou an. Mwen anvi travay kole ak MTA a, NYC DOT a epi tou de biwo Majistra a ak Gouvènè a pou asire kominote ki nan distri mwen an kapab fè eksperyans amelyorasyon sa yo. Lè nou bay yon sistèm otobis ki pi bon, ki pi rapid e ki pi fyab, tout Nouyòkè yo ap benefisye."

Direktris Egzekitif Riders Alliance lan, Betsy Plum, te deklare, "Pasaje otobis toupatou nan Nouyòk te òganize epi yo te genyen yon plan vizyonè pou otobis rapid ak chans pou yo rekipere plizyè èdtan nan lavi nou. Lè yo relanse yon vrè patenarya ant NYC DOT ak MTA a, Majistra Mamdani ak Gouvènè Hochul ap kreye yon opòtinite istorik pou fè otobis yo vin pi rapid anpil e pi fyab pou Nouyòkè yo ki depann sou yo chak jou. Bis ki ralanti yo pa sèlman yon enkonvenyan. Yo se yon baryè ki anpeche moun jwenn opòtinite, yo gaspiye tan fanmi yo ta dwe pase ansanm, epi yo se yon imilyasyon chak jou pou moun Nouyòk sa yo ki konte sou yo pou yo ale nan travay, lekòl, jwenn swen pou timoun, swen sante, ak lòt bezwen ak opòtinite fondamantal. Fè sistèm bis la mache byen, se rann lavi toulejou nan vil la pi bon nan tout sans. Siklis yo te bati pouvwa ki te rann moman sa a posib, epi n ap kontinye òganize nou jiskaske pwomès sa yo vin amelyorasyon reyèl nan chak awondisman."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Plan Rejyonal la, Kate Slevin, te deklare, "Asosyasyon Plan Rejyonal la felisite Gouvènè a, Majistra a ak Depatman Transpò Vil Nouyòk la paske yo te avanse plan sa a pou fè sèvis otobis la pi rapid, pi souvan e pi fyab. Amelyorasyon sa yo te dwe fèt depi byen lontan, epi yo pa ka tann ankò pou Nouyòkè ki depann sou otobis chak jou. Yon sèvis otobis ki pi rapid e ki pi efikas esansyèl pou konstwi yon vil ki pi dirab, ekitab e konpetitif ekonomikman."

Lisa Daglian, Direktè Egzekitif, Komite Konsiltatif Sitwayen Pèmanan (Permanent Citizens Advisory Committee) pou MTA, te deklare, "Pandan twò lontan, pasaje otobis yo te andire vwayaj ki ralanti twòp e ki pa fyab, an pati akòz politik, men sa pral chanje. Envestisman konkrè sa yo ki mete pasaje bis yo an premye — san bliye koulwa priyoritè pou bis ak sistèm kote moun ka monte nan tout pòt yo — pral akselere vwayaj yo pou yo ka finalman deplase pi vit pase yon poul. Nou bat bravo pou patenarya ekstrawòdinè ak volonte politik Gouvènè a, Majistra a, MTA a, DOT ak ajans fòs lòd yo te montre a, ki pral fè yon diferans nan lavi plizyè milyon pasaje nan Nouyòk."

Sharon McLennon-Wier, Ph.D., MSEd., CRC, LMHC, Direktè Egzekitif nan Nouyòk pou Sant pou Endepandans Moun Andikape yo, te deklare, "Sant pou Endepandans pou Moun Andikape yo, nan Nouyòk (Center for Independence of the Disabled, New

York, CIDNY) sipòte ekspansyon otobis ekitab ki pèmèt moun ki andikape, granmoun aje ak tout pasaje yo benefisye yon sèvis aksesib, ki an sekirite e ki pa pran anpil tan pou ale ak pou soti nan destinasyon yo. Konsepsyon otobis ki pi rapid yo pwopoze a nan Brooklyn vize katye kote gen anpil moun andikape, granmoun aje ak pasaje ki itilize pousèt ti bebe ak charyo. Pasaje sa yo dwe gen yon fason pou monte epi desann nan otobis sa yo san danje. Sèvis otobis rapid pa ka pran yon transpò piblik ki an sekirite epi aksesib pou tout moun alalejè."

Direktè AARP Eta Nouyòk, Beth Finkel, te deklare, "Nouyòkè yo merite yon sistèm transpò ki mache ak fason yo viv, travay ak vyeyi. Amelyorasyon ki fè otobis yo pi rapid, pi fyab epi pi aksesib yo patikilyèman enpòtan pou granmoun aje yo ak lòt moun ki depann sou transpò piblik chak jou. AARP New York akeyi angajman sa a pou ranfòse sèvis otobis la epi ede moun yo rete aktif, konekte ak endepandan nan kominote pa yo."

Direktè Egzekitif People-Oriented Cities, Walter Hook, te deklare, "Avèk Pwochen Arè a: Otobis Rapid, Pi Bon Sèvis, nou menm nan People-Oriented Cities (Vil ki Oryante sou Moun) nou kontan anpil ke NYC DOT ak MTA angaje yo pou vrèman chanje vitès ak fyabilite bis yo. Nou pa ka tann pou nou kolabore ak toulede ajans yo pou ede asire ke bis yo ap atenn objektif anbisye ki etabli nan rapò sa a epi pou senk koulwa Otobis Rapid yo atenn nivo yon veritab rezo Transpò Rapid pou Otobis ki reponn ak prensip entènasyonal yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU